18+

ХУСЕЙН ШОВХАЛОВ

# Седарчий

2-ГIА ДАКЪА



# Хусейн Шовхалов
# Седарчий. 2-гIА Дакъа

*https://litres.ru/74465828*
*ISBN 9785007124997*

## Аннотация

Седарчий мел ду, некъахо тиллур вац; иштта вайн умматехь Къуръанац нисбелла сийлахь нах мел бу — уммат а тиллур дац. Ткъа кху жайни тIехь карор ду хьуна лакхара масалш: ийманехь а, доьналехь а, комаьршаллехь а, массочу сийлахьчу гIуллакхехь а. Кхерца нисвалар — йоккха декъалла а ю хьуна.

# Содержание

ислам динан баххаш 5
СЕДАРЧИЙ 12
ДЕШХЬАЛХЕ 12
ІУМАР БИН ХАТТАБ АЛ-ФА'РУКЪ 19
Конец ознакомительного фрагмента. 44

# Седарчий
# 2-гIА Дакъа

**Хусейн Шовхалов**

© Хусейн Шовхалов, 2026

ISBN 978-5-0071-2499-7 (т. 2)
ISBN 978-5-0071-2500-0
Создано в интеллектуальной издательской системе Ridero

# ислам динан баххаш

1-Муъма-нехан Амира Абу Хьафс Іумар бин ХаттІаба (АллахІ реза хуьлда цунна) аьлла, АллахІан элчано (АллахІера салават а, салам а хуьлда цунна) олуш хезира шена аьлла:

**«Боккъалаъ, Іамалш негаташка хьаьжжина ю, хІора стагана а цо (и дан) негат диннарг ду. Цундела шен махках валар хилларг АллахІан дуьхьа а, цуьнан элчанан дуьхьа а — цуьнан махках валар АллахІан а, Цуьнан элчанан а дуьхьа хир ду. Ткъа, шен махках валар хилларг муьлхха а цхьана дуьненан хІуманан дуьхьа, ша гулдан лерина долучу, я ша ялор йолчу зудчун дуьхьа — цуьнан махках валар и ша махках ваьллачу хІуманан дуьхьа хир ду»**

[(Бухари: 1, Муслим: 1907.

2-Іайшата (АллахІ реза хуьлда цунна) аьлла: Аллах1ан Элчано (Аллах1ера салават а, салам а хуьлда цунна) аьлла:

**«ХІокху тхан гІуллакхехь (бусалба динехь) цуьнах доцург юкъадаьккхиначуьнгара иза (юкъадаьккхинарг) тІеоьцур долуш дац (къобалдийр дац)»** [(Бухари: 697, Муслим: 1718)]. Оцу хьадисан Муслиман риваятехь дийцина, пайхамара (АллахІера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) элира аьлла:

**«Цхьамма тхан гIуллакхаца (бусалба динаца) цхьаьна ца догIуш долу муьлхха а цхьа хIума дахь, иза тIеоьцур долуш дац (къобалдийр дац)».**

3- Баширан кIанта НуIмана (АллахI реза хуьлда цаьршинна) дийцина, АллахIан элчано (АллахIера салават а, салам а хуьлда цунна) олуш хезира шена аьлла:

**«Боккъалаъ, магийнарг — хууш ду, цамагийнарг а — хууш ду, ткъа царна юккъехь шеконаш ерг ду, дуккха а нахана цуьнах дерг ца хууш. Цундела шеко йолучух ларлуш верг — шен дин а, шен сий а цIандеш ву. Амма шеконехь дерг лелош верг — хьарам дерг (лело) а вера ву, йихкиначу меттигна гонаха (шен жа) да жочу жаIух терра, (иза) хIинций-хIинций оцу тIе долу-кха (бохуш). Боккъалаъ, хIора паччахьан (шен) йихкина меттиг ю. Боккъалаъ, АллахIан йихкина меттиг — иза, Цо царна цамагийнарш ду. Боккъалаъ, (адаман) дегIехь дилханан кийсиг ю: нагахь и нисъелла хилахь — дерриг дегI а нисдеш, нагахь и телхина хилахь — дерриг дегI а талхош. Боккъалаъ, иза — дог ду»**

[(Бухари: 52, Муслим: 1599)].

4-МасIудан кIанта IабдуллахIа (АллахI реза хуьлда цунна) аьлла, бакъ луьйш волчу а, тешам хила хьакъ волчу а АллахIан элчано (АллахIера салават а, салам а хуьлда цун-

на) дийцира аьлла: **«Боккъалаъ, шух хIора а (цкъа хьалха) шен ненан кийрахь кепе валаво: шовзткъа дийнахь — тIадаман куьцехь, тIаккха оццул хенахь — цIийн улхан куьцехь, тIаккха кхин а оццул хенахь — дилханан кийсиган куьцехь. Цул тIаьхьа АллахIа малик хьажадо, цо цунна чу са дуьллу. Цул тIаьхьа цо цуьнга диъ (хIума) дIаязде (олий) омра до: шен рицкъа, шен хан, шен гIуллакхаш, иштта ирсе хир ву я декъаза хир ву иза. Аса дуй буу Ша воцург кхин дела воцучух: боккъалаъ, шух муьлххачо а (ян тарлуш ду) ялсаманин охIланан Iамалш: ялсамане кхача ерриг (йиссинарг) цхьа дол юкъ бен а йоцуш, тIаккха цунна яздина хилла йоза (кийрахь волуш) кхочуш хир ду — жоьжагIатин охIланан гIуллакхашна тIехьа а ваьзна, (жоьжагIате) гIур ву иза. Боккъалаъ, (иштта) шух муьлххачо а (ян тарлуш ду) жоьжагIатин охIланан Iамалш: жоьжагIате кхача ерриг (йиссинарг) цхьа дол юкъ бен а йоцуш, тIаккха цунна яздина хилла йоза (кийрахь волуш) кхочуш хир ду — ялсаманин охIланан гIуллакхашна тIаьхьа а ваьзна, (ялсамане) гIур ву иза»**

[(Бухари: 3208, Муслим: 2643)].

5-Абу ХIурайрас (АллахI реза хуьлда цунна) аьлла, АллахIан элчано (АллахIера салават а, сала а хуьлда цунна) элира аьлла:

**«(ХIай, нах!) Боккъалаъ, АллахI — ЦIена ву, Цо цIе-**

**наниг бен цхьа а хIума къобал ца до. Боккъалаъ, Шен элчанашка динна долу омра дина АллахIа муъма нахе а. Веза-Сийлахьчо аьлла: «ХIай, элчанаш! Хьаналниг даа, дика Iамалш а е.» («алМуъминун»: 51). Иштта Веза-Сийлахьчо аьлла: «ХIай, Делах тешнарш! Оха шайна делла долу хьанал рицкъа даа.» («ал-Бакъарат»: 172). Цул тIаьхьа пайхамара (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) цхьа стаг вийцира — новкъахь ехха хан яьккхина волу, ченах а вуьзна, хьирчина месаш а йолуш, шен куьйгаш стигала а айдой (юха-юха а олуш волу): «Ва, сан Дела! Ва, сан Дела!». Ткъа цуьнан кхача хьарамниг бу, цуьнан малар (хи) а хьарамниг ду, цуьнан духар а хьарамниг ду, хьарам кхача баош кхаьбна а ву иза — иштта хилча (цуьнан доIанна) жоп муха лур ду?«анашка динна долу омра дина АллахIа муъма нахе а. Веза-Сийлахьчо аьлла: «ХIай, элчанаш! Хьаналниг даа, дика Iамалш а е.» («алМуъминун»: 51). Иштта Веза-Сийлахьчо аьлла: «ХIай, Делах тешнарш! Оха шайна делла долу хьанал рицкъа даа.» («ал-Бакъарат»: 172). Цул тIаьхьа пайхамара (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) цхьа стаг вийцира — новкъахь ехха хан яьккхина волу, ченах а вуьзна, хьирчина месаш а йолуш, шен куьйгаш стигала а айдой (юха-юха а олуш волу): «Ва, сан Дела! Ва, сан Дела!». Ткъа цуьнан кхача хьарамниг бу, цуьнан малар (хи) а хьарамниг ду, цуьнан духар а хьарамниг ду, хьа-**

**рам кхача баош кхаьбна а ву иза — иштта хилча (цуьнан доIанна) жоп муха лур ду?»**

[(Муслим: 1015, Тирмизи: 2992)].

6- Абу ХIурайрас (АллахI реза хуьлда цунна) дийцина, АллахIан элчано (АллахIера салават а, салам а хуьлда цунна) элира аьлла: **«Стага Ислам (дин) хаза лелош хиларан (билгалонех цхьаъ) ю — цо (массо) а шех Iотталуш доцург дитар.«Ислам (дин) хаза лелош хиларан (билгалонех цхьаъ) ю — цо (массо) а шех Iотталуш доцург дитар.»**

[(Тирмизи: 2318, дика (хьасан) хьадис ду, Тирмизис а, кхинболчу мухьаддисаша а далийна и)].

7- Анаса (АллахI реза хуьлда цунна) дийцина, пайхамара (АллахIера салават а, салам хуьлда цунна) элира аьлла:

**«Шух цхьа а иман диллина хир вац — шена дезаш дерг шен (динан) вешийна а деззалц.»**

[(Бухари: 13, Муслим: 45)].

8-Худри некъех волучу Абу СаIийд СаIд бин Синана (АллахI реза хуьлда цунна) аьлла, АллахIан элчано (АллахIера салават а, салам а хуьлда цунна) элира аьлла:

**«(Бахьана доцуш) ца мега зен дан, (бахьана долуш) ца мега зен дан.»**

[(Ибн Маджат: 2340—2341, ад-ДаракъутIни)].

9-Абу ХIурайра Iабдур-Рахьман бин Сахра (АллахI реза хуьлда цунна) аьлла, АллахIан элчано (АллахIера салават а, салам а хуьлда цунна) олуш хезира шена аьлла:

**«Аса шайна дихкиначух (ца магийначух) ларло, Аса шайга омра диначух шайга далуш дерг де. Боккъалаъ, шул хьалха баьхнарш (хилларш), цара хеттарш дукха дар а, уьш шайн пайхамарашна Iеса хилар а бахьана долуш хIаллакбина».**

[(«ИIтисам бил китаби вас суннати» жайнахь Бухарис дийцина: 6777, Муслим: 1337)].

10-Рукъаййатан дас Тамим бин Авс ад-Дарийс (АллахI реза хуьлда цунна) дийцина, (цкъа) пайхамара (АллахIера салават а, салам а хуьлда цунна) элира аьлла:

**«Дин — догцIеналла гучуяккхар ду». Оха хаьттира: «Хьенан хьокъехь?». Цо элира: «АллахIан а, Цуьнан Жайнин а, Цуьнан элчанан а, бусалба нехан куьйгалхойн а, массо бусулба нехан хьокъехь а».**

[(Муслим: 55)].

11- СаIдан кIанта Абу Iаббас СахIла (АллахI реза хуьлда цунна) аьлла: « (Цкъа) цхьана стага, пайхамарна (АллахIера салават а, салам а хуьлда цунна) тIе а веана, хаьттира (цуьнга):

**«ХIай, АллахIан элча! И йича со АллахIана а, наха-**

**на а везар волу Іамал йовзийтахь суна.» (Цунна жоп луш пайхамара (АллахІера салават а, салам а хуьлда цунна)) элира: «Кху дуьненан хІуманна суьпа хила хьо — АллахІана везар ву хьо, нехан (долахь долучуьнан хьокъехь) суьпа хила хьо — нахана а везар ву хьо»»**

[(Ибн Маджат: 4102, «дика» («хьасан») даржехь хьадис ду)].

# СЕДАРЧИЙ

# ДЕШХЬАЛХЕ

**Бисмиллах1иррохьманиррохьийм**

Хастам бу Аллах1ана вайна Къуръан деллачу. Цуьнца вайн дахар серладаьккхинчу. Цуьнца вайна ирс деллачу. Цуьнца дуьне а, эхарт а вайна довзийтинчу. Цуьнца вайх къинхетам бинчу.

Делера салават а, салам а хуьлда Цуьнан Элчанна Мухьаммадна а, цуьнан ох1лана а, асхьабашна а, церан некъа т1ехь волчу массо бусалбачунна а къематде даллалц.

Сийлахь-йоккхачу стиглахь седарчий ма-лепара, бусулба умматан историхь а бу шен «седарчий» — уьш Пайхамаран (Аллах1ер салават а, салам а хуьлда цунна) асхьабаш, табиIийнаш а, умматера дика нах а бу. Уьш бу вайна некъ гойтуш берш а, ийманан нур латтош берш а.

АллахIан Элчано (Аллах1ер салават а, салам а хуьлда цунна) аьлла: **«Сан асхьабаш — седарчий санна бу. Шу царах муьлххачунна а тIаьхьахIоьттинехь — шу нийсачу некъа тIехь хир ду».**

Стиглара седарчий — боданечу буьйсанашна нур луш, некъах тилвелчунна бакъхьара хьажийна лар гойтуш ма-хиллара, АллахIан Элчанан (Аллах1ер салават а, салам а хуьлда цунна) асхьабаш а, царна тIаьхьабозуш хилла табиIийнаш а, дика нах а — бусулба умматан сирла седарчий бу. анашна нур луш, некъах тилвелчунна бакъхьара хьажийна лар гойтуш ма-хиллара, АллахIан Элчанан (Аллах1ер салават а, салам а хуьлда цунна) асхьабаш а, царна тIаьхьабозуш хилла табиIийнаш а, дика нах а — бусулба умматан сирла седарчий бу.

Уьш бу шайн ийманаца а, зухIдаца (дуьненан марзонах ларваларца) а вайн дегнаш серладохуш берш. Цхьаберш царах — цIе санна лепаш хилла майраллин седарчий бу, кхиберш — тийна нур луш хилла дикаллин а, нийсонан а седарчий бу.

Хьалха заманахь, некъахой боданечу буьйсанашкахь тилла а ца туьлуш, шайн нийса некъ стиглара седарчашка хьаьжжина билгалбоккхуш хилла. Иштта, хIокху дуьненан боданечу некъашкахь вай тилла ца лаахь — вай хьежа деза бусулба умматан сирлачу седарчашка: сийлахьчу асхьабашка, табиIийшнака, АллахIан дикачу лайшка. анашкахь тилла а ца туьлуш, шайн нийса некъ стиглара седарчашка хьаьжжина билгалбоккхуш хилла. Иштта, хIокху дуьненан бодане-

чу некъашкахь вай тилла ца лаахь — вай хьежа деза бусулба умматан сирлачу седарчашка: сийлахьчу асхьабашка, табиIийшнака, АллахIан дикачу лайшка.

Йоккхачу хIорда тIехь йа гIум-аренашкахь некъах тилвеллачу некъахочо, шен са тийналле далорхьама а, нийса некъ карорхьама а, стиглара седарчашка хьожуш хилла. Уьш дара цунна боданехь некъ гойтуш, кхерамечу меттигех ларвеш, йезачу гIалин некъ гойтуш.

Иштта ду хIара дуьненан дахар а — иза шен кепехь бодане буьйса йа кхераме хIорд санна ду. Нагахь вайн хIокху чолхечу некъашкахь тилла ца лаахь, вай хьежа деза стиглара «седарчашка» — Пайхамаран (Аллах1ер салават а, салам а хуьлда цунна) асхьабашка, табиIийнашка а, дикачу нахе а. Уьш бу вайна стиглара седарчий ма-леппара нийсонан а, иманан а нур луш берш.

Седарчашка хьаьжжина некъахо тилла ма ца-туьлла, иштта оцу дикачу нехан дахаре а, церан гIиллакхе а, АллахIах кхераре а хьаьжжина вай вешан гIуллакхаш нисдахь — вай а цкъа а тилла делла хир дац. Царна тIаьхьахIиттинарш — АллахIан реза хиларе а, Элчанан (Аллах1ер салават а, салам а хуьлда цунна) улле а кхочур бу.

Уьш бу вайна АллахIан вай дезаре а, Цуьнан реза хила-

ре а боьду некъ гойтуш берш. Церан дахар, церан гIиллакх, церан ийман — вайна тахана а сирла нур ду. Муьлххачу а халонгахь вай хилча а, оцу «седарчашка» хьаьжжина вай вешан гIуллакхаш нисдахь — вай цкъа а тиллур дац.

Тахана вайн сийлахьчу нехан (асхьабийн, табиIийн, дикачу нехан) дахар[1] хааран мах а, цуьнан ладаме хилар а инзаре доккха ду — иза деккъа истори Iамор дац, иза адаман синна «кIелхьарадаккхаран хIордан кема» санна ду. Тахана вайна уьш оьшуш хиларан бахьанаш х1орш ду: анаш х1орш ду:

1-Тиллачу заманахь нийса хьежам:

ХIара зама мехашца кегаелла хIорд санна йу, дика-вон къасто хала долчу хенахь — оцу сийлахьчу нехан дахар вайна меттах ца хьовш йолу нийсонан сурт ду.

2-Дуьнено шен марзонаш тIехьийзочу хенахь, кху седарчиш (сийлахьчу наха) вайна дагадоуьйту: бакъйолу сийлалла — мискаллехь а, АллахIана хьалха жоп дала дезаш хилар хаарехь а йуйла.

3-Дуьненан марзонех ларвалар:

Вай дехаш ду дукха йууш-молуш, дезачу хIумнашна тIаьхьаваьллачу заманахь. Цара Iамадо вай сийлалла хIумнаш-

[1] Биографи.

кахь[2] ца лоьхуш, дикачу гӀуллакхашкахь лохуш хила йезаш хилар.

4-Амалий, гӀиллакхий кхиор:

Оцу наха шайн дегӀан лаамашца муха къийсам латтийна вай дешча, вайна 1амаллийн куьйгалла кардо. ХӀара деккъа хабар дац, иза бакъдолу масала ду — хьан карахь ницкъ болуш муха нийсо латто еза а, хьоьгахь хӀумма а йоцуш муха сий лардан деза а гойтуш.

5-ТӀаьхьенан уьйр а, сий лардар а:

Вайн орамаш а, вайн Турпалхой а бевзаш хиларо адаман синна чӀагӀал ло. Вай кхета — вай боккхачу некъан цхьа дакъа хиларх. Иза нийсо хьалха йаккхар ду, шен пайдане ца хьоьжуш.

6-Халонгахь дог чӀогӀадар:

Вайна вайн халонаш йаккхий хетачу хенахь, вай оцу «седарчашка» хьожу. Халонаш цара муха лайна вайна гича — вайна ницкъ кхочу АллахӀан къинхетамах дог ца дилла.

Вай тахана вуьйцуш верг — оцу седарчех уггаре сирла лепаш хилла волу 1умар бин Хаттаб аль-Фа'ру'къ (Дела реза хуьлда цунна) ву. Цуьнан дахар а, цуьнан зухӀд (дуьненан марзонах ларвалар) а — вайна тахана а доккха масала ду.

---

[2] Брендашкахь.

Иза вара нийсонан а, ийманан а седа. Цо шен дахарца вайна гайтира — муха хила веза бакъволу муъма стаг, дуьненан паччахь хилла а, шен дегIан лаамашна тIехь толам бaькккхина волу.

Ткъа умматан уггаре коьрте седа — иза АллахIан Элча (Аллах1ер салават а, салам а хуьлда цунна) ву. ХIара дериге седарчий цуьнан нурах нур эцна ду. Иза ца хиллехьара, уьш а хира бацар. Цуьнан беркатац хилла царех беркате-сийлахь нах. Церан йериге сийлахь Iамалш цуьнан нуьрах йу, цуьнгар схьаэцна йу, цуьнан нийсонан некъахь цхьа лар йу. АллахIера салават а, салам а хуьлда сийлахь Элча Мухьаммадан. Цунах лаьцна къаьстина жайна яздийра ду Делан пурбанца.

Кху чолхе хала заманахь вайн умматера седарчех тасдала деза вай. Царех масал оьцуш, церан некъашца нислуш, йалсмане кхачархьам. Цундела йаздеш ду вай х1ара жайнеш, вайн умматера седарчий вайна бовзийтархьам, царех вай тардалийта, вайн иманаш нисдалийта, Ислам дин нийса муха лeладан деза довзийтархьам а. анаш нисдалийта, Ислам дин нийса муха лeладан деза довзийтархьам а.

Иштта кхин д1а а жима-жима вайн умматера Седарчийн хьахош д1ахура бу вай х1ара болх Делан пурбанца.

*Шовхал Сайд-Селиман кIант Хьусайн*
*9 Рабий1ул-аввл Рамадан 1448 хI. ш.=*
*23 Хьаьттан-бутт (август) 2026 ш.*
*05:36*

# IУМАР БИН ХАТТАБ АЛ-ФА'РУКЪ

1— Iумар ибн аль-Хаттаб ибн Нуфайль ибн Iабдул-Iузза ибн Рияхь ибн КъуртI ибн Ризахь ибн Iадий ибн КаIб ибн Луай, бусалба неха эмир, Абу Хьафс аль-Къураший аль-Iадавий, Аль-Фарукъ (АллахI реза хуьлда цунна).

2— Иза шахIид хилла Зул-хьижжат беттан чаккхенгахь ткъе кхоалгIачу (23) шарахь. Цуьнан нана йара Хьантамат бинт ХIишам аль-Махзумийя, иза Абу ЖахIлан йиша йара. Ислам дин тIеицира пайхамараллан йалхлагIачу шарахь, цу хенахь цуьнан ткъе ворхI шо дара. Ислам дин тIеицира пайхамараллан йалхлагIачу шарахь, цу хенахь цуьнан ткъе ворхI шо дара.

3— IабдуллахI ибн Iумара аьлла: «Сан да кIай-цIиэ аматаш долуш, дегIана лекха, коьртан хьалхашкара месаш йайна (тIехтилла), къежвелла вара».

4— Кхечо аьлла: «Иза кIайн-сирла вара, лекха а, коьртан хьалхашкара месаш йайна а, таьIна-чу бос болуш а, ший а куьг цхьабосса лело хууш а (аьрро а, аьтту а) вара».

5— Абу Ражаъ аль-IутIо'рдис аьлла: «Иза лекха, дегIана стомма, чIогIа тIехтилла корта болуш, чIогIа цIиэ бос болуш вара. Цуьнан беснеш тIехь месаш кIезиг йара, амма мекхаш даккхий а, церан йисташкахь сирла-цIиэ (цхьогалан) бос а бара. Цхьа хIума дагадеича, шен мекхаш хьовзадора цо».

6— Симак ибн Хьарба аьлла: «Iумар когаш герга хIиттош волалора (арахь), иза вогIуш хилча, нах гIаш боьлхуш (болуш), иза говрахь вогIуш санна гора (иштта лекха вара иза)».

7— Анаса аьлла: «Цо шен маж ханнаца басар йора».

8— Симака аьлла: «Iумар волалуш сиха волалора».

9— IабдуллахI ибн КаIб ибн Малика аьлла: «Iумара шен аьтту куьйга аьрро лерг лоций, говрана тIеиккхара. Иза говрана тIехь кхоьллина санна вара».

10— IабдуллахI ибн Iумара а, кхечара а дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла хилар: «Йа АллахI, Ислам дин чIагIде ахь Iумар ибн аль-Хаттабца». Ислам дин чIагIде ахь Iумар ибн аль-Хаттабца».

11— Iикримас аьлла: «Iумара Ислам тIеэццалц бусулба дин лечкъина дара». Ислам тIеэццалц бусулба дин лечкъина дара».

12— СаIид ибн Жубайра аьлла: Къуръан чохь «**,,Со'лихь-уль-муъминийн"** аьлла долу аят Iумарна лерина доссийна ду».

13— Ибн МасIуда аьлла: «Iумара Ислам тIеэцча дуьйна, тхо даима сий а, ницкъ а болуш дара». Ислам тIеэцча дуьйна, тхо даима сий а, ницкъ а болуш дара».

14— Iабдуррахьман ибн ГIанама дийцина, Пайхамарига (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) Абу Бакра а, Iумара а аьлла: «Нахана Ислам дин дезар алсамдер дара, нагахь царна хьуна т1ехь дуьненан дика духар гича». Ислам дин дезар алсамдер дара, нагахь царна хьуна т1ехь дуьненан дика духар гича».

Цо аьлла: «Ас иштта дийр ду. АллахIах дуй буу ас, нагахь шу шиъ цхьана хIуман тIехь барт хилла нисхьаьжича, ас шу шиннах дагаваларна (шу шин барт хилчу х1уман) дуьхьал цкъа а (х1ума) дийр дацара».

15— Ибн Iаббаса дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: «Сан стиглахь ши вазир (гIоьнча) ву, лаьттахь а ши гIоьнча ву. Стиглара сан ши вазир — Жибрил (малик) а, Микаил (малик) а ву, лаьтта тIера сан ши вазир (гIоьнча) — Абу Бакр а, Iумар а ву».

16— Абу Зарра (Дела реза хуьлда цунна) дийцинчу хьадисехь Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла:

«Бакъдолуш, хIора пайхамаран а хилла ши гIоьнча (вазир), сан ши гIоьнча (вазир) — Абу Бакр а, Iумар а ву».

17— Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) шен тIе вогIуш волу Абу Бакре а, Iумаре а хьаьжначу хенахь аьлла:

«ХIара шиъ — йалсаманин баккхийчу нехан элий ву».

18— Делан элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла:

«Сан метта (сол тIаьхьа) волчу шина стагах пайдаэца (царна тIаьхьахIуьттуш), Абу Бакрах а, Iумарх а».

19— Iабдул-Iазиз ибн аль-МуттIалиб ибн Хьантаба шен дегара, цуо шен дедагара дийцина:

«Со Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) уллехь охьахиина Iаш вара, цу хенахь Абу Бакр а, Iумар а схьаваьлча (гучаваьлча), цо (Пайхамара) элира: „ХIара шиъ — (сан) лерг а, бIаьрг а ву“».

20— СаIид ибн Жубайра дийцинчу хьадисехь аьлла:

«Жибрил малик деира Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) тIе, цо аьлла: „Iумаре салам ло, ткъа цунна хаийта — цуьнан оьгIазло (динна доьхьал болчарна) Сийлаллин (АллахIан) ницкъ бу, ткъа цуьнан реза хилар — нийсо (хьукма) йу“».

21— СаIад ибн Абу Вакъкъаса дийцина, Делан элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла:

«ХIай, Хаттабан кIант! Сан са куьйгахь долчуьнца дуй буу ас, хьо цхьана новкъа вогIуш шайтана ма ца гина, иза кхечу новкъа дIадахний бен (хьоьх кхералой)».

22— Iаишас (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла:

«Бакъдолуш, шайта Iумарх кхоьру».

23— Iаишас (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, хьабашхой (эфиопаш) ловзаш (хьалха-тIехкхийсалуш) болчу хенахь Iумар схьавеача, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла:

«Бакъдолуш, суна геннара гуш ду хIинца жиннех а, адамех а долу шайтанаш Iумарх кхералой девдда дIаоьхуш». анаш Iумарх кхералой девдда дIаоьхуш».

24— Ибн МасIуда хутIба (хьехам) деш олура:

«Бакъдолуш, шайтIа Iумарх кхоьруш хиларха теша со — цо (шайтIо) цхьа керла хIума (бидIат) дича, Iумаро иза йухатохарна кхоьруш. Бакъдолуш, Iумаран шина бIаьргана йуккъехь малик хиларна а теша со, цунна нийса некъ гойтуш, иза нисвеш».

25— Iаишас (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла:

«Хьалха хиллачу къаьмнашна йуккъехь „мухьаддасунаш“ (Дала шен дагчу бакъдерг доссийна нах) хилла. Нагахь санна сан умматехь иштта стаг хилахь — иза Iумар ибн аль-Хаттаб ву».

26— Ибн Iумара дийцина, Делан элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла:

«Бакъдолуш, АллахIа нийсо (бакъдерг) Iумаран матта тIе а, цуьнан даг чу а диллина».

27— Іалис (Дела реза хуьлда цунна) аьлла: «Іумаран маттаца къамел деш йерг синан паргІато хиларх тхо гена дацара (иза бакъ лорура оха, тхо тешна дарац иза иштта хиларх)».

28— Анаса аьлла, Іумара аьлла хилар: «Кхаа хІуман тІехь сан лаам сан Делан лаамца (омрица) цхьаьна нисбелира: ИбрахІиман макъамна тІехь а[3], хьижабна (зударийн духарна) тІехь а, иштта АллахІан оцу дешнашкахь а: **«Нагахь цо (Делан Элчас) шуна (х1ай Элчан х1усамнаной) талакъ (зуда йитар) дахь, цуьнан Дело шун метта цунна кхин дика зударий лур бу…[4]»**.

29— Делан элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла:

«Нагахь сол тІаьхьа пайхамар хила йиш йелахь — иза Іумар хир вара».

30— Делан элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла:

«Бакъдолуш, АллахІа массо а Іарафат (ломан) тІехь болчу нахаца куралла йира (сий дира маликашна хьалха), ткъа Іумарца — ша-тайпа куралла йира».

---

[3] ИбрахІим макъам йолчехь ламаз дар.

[4] И дешнаш Іумаро аьлча, цу дешнашца Дала а элира Къуръан чохь.

31— Делан элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла:

«Сол тӀаьхьа нийсо (бакъдерг) Іумарца хир йу, иза мел волуччохь а»

32— Ибн Іумара (Дела реза хуьлда цунна) аьлла: «Суна хезира Делан элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) олуш:

«Со набарахь (вижна) волуш, шурин кад беара суна. Ас цуьнах (шурех) мелира, сан мӀараш бухахула и малар дӀадоьдуш суна гуш дара. ТӀаккха сайн йиснарг (шура) Іумарна дӀайелира ас».

Наха хаьттира: «ХӀун маьӀна дира ахь цуьнан?»

Цо (Пайхамара) аьлла: «Іилма (ду иза)».

33— Делан элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла:

«Со набарахь (вижна) волуш, суна гира нах суна хьалха схьабалош (схьагулбеш). Царна т1ехь коч йара: цхьаболчеран — накха тӀекхаччалц йара иза, кхечеран — цул а йоца

йара. ТӀаккха суна хьалхахула Ӏумар иккхира (велира), цунна тӀехь йолу коч (лаьттахула) текхаш йара».

Наха хаьттира: «ХӀун маьӀна дира ахь цуьнан, хӀай Аллах1ан элча?»

Цо (Пайхамара) аьлла: «Дин (ду иза)».

34— Делан элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла:

«Сан умматах уггаре а къинхетаме верг — Абу Бакр ву, ткъа Делан дин лелорехь (иза чӀагӀдарехь) уггаре а чӀогӀа верг — Ӏумар ву».

35— Делан элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла:

«Со йалсамане чувахара, цигахь суна дешийн гӀала гира. Ас хаьттира: „Хьенан йу хӀара?“ — аьлла. Суна жоп делира: „Къурайш тайпана къоначу стаган йу“, — аьлла. Суна моьттира иза со ву (и г1ала суна лерина йу моьттуш), тӀаккха элира: „Ӏумар ибн аль-Хаттабана йу иза“».

36— Абу ХӀурайрас (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла хи-

лар:

«Со набарахь (вижна) волуш, суна со йалсаманехь гира. Цигахь цхьана гІалина[5] уллехь ламаз оьцуш цхьа зуда йара. Ас хаьттира: „Хьенан йу хІара гІала?“ — аьлла. Цара жоп делира: „Іумаран йу иза“, — аьлла. ТІаккха суна Іумаран (шен доьзалах йолу) хьагІ[6] дагаеара, со йухавирзина дІавахара».

(И хезначу хенахь) Іумар велхира, цо элира: «Сан да а, нана а хьуна махан хуьлда (хьох сагІа хуьлда), хьоьца хьагІ лелор йара ас, хІай АллахІан элча?»

37— Іалис (Дела реза хуьлда цунна) аьлла: «Со Делан элчанца (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) волуш, Абу Бакр а, Іумар а гуча ваьлча, цо (Пайхамара) аьлла:

«ХІара шиъ — йалсаманин хьалхарчу а, тІаьххьарчу а баккхийчу нехан элий ву, пайхамарш а, элчанаш а боцарш. ХІай Іела, цаьршинна иза ма дийцалахь (хІинца)». анаш а боцарш. ХІай Іела, цаьршинна иза ма дийцалахь (хІинца)».

38— Абу СаІидера (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла:

[5] Дворец.

[6] Ревность.

«Бакъдолуш, (йалсаманин) лакхарчу даржера нах, шайла лахахь болчарна гур бу — шуна стиглан йистехь (гена лаккхахь) сирла седа гуш ма-хиллара. Бакъдолуш, Абу Бакр а, Іумар а царах (оцу лакхарчу даржехь) ву, дика а, сийлахь а ву и шиъ».

39— Іалис (Дела реза хуьлда цунна), ша халиф волуш, Куфехь (гІалин) минбар тІехь нахана хьалха аьлла: «Хокху умматан уггаре дика стаг, шен Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) тІаьхьа — Абу Бакр ву. Ткъа Абу Бакрл тІаьхьа уггаре диканиг — Іумар ву. Нагахь суна кхоалгІачун цІе йаккха лиънехь, ас иза а йоккхур йара».

40— Къайс аль-Харифис (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, шена Іалис (Дела реза хуьлда цунна) олуш хезира аьлла:

«Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хьалхавелира, Абу Бакр цуьнна тІаьхьа (шолгІа) нисвелира, ткъа кхоалгІа — Іумар хилира. Цул тІаьхьа фитнато тхо хьарчийра, АллахІана лиънарг хилира-кх».

41— Делан элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла:

«Сол тІаьхьа волчу шинна тІаьхьахІитта (церан некъ схьаэца) — Абу Бакрна а, Іумарна а».

42— Аишас (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Абу Бакра (Дела реза хуьлда цунна) аьлла хилар:

«Оцу лаьттан букъ тIехь (дуьненахь) цхьа а стаг вац суна Іумарл дукха везаш».

43— Аишас (Дела реза хуьлда цунна) дийцина: Абу Бакр (Дела реза хуьлда цунна) цомгуш волуш, нах баьхкира цунна тIе, цара элира:

«Хьо хьайн Дела волчу д1авоьдучу (кхелхачу) хенахь, Іумар тхуна тIе куьйгалхо (халиф) вита йиш йуй хьан? ТІаккха хьайга (Дала) хаьттичи, Цунна хІун жоп лур дара?»

Цо (Абу Бакра) аьлла: «Ас эр ду: „Ас царна тIе куьйгалхо витира царах уггаре дика верг“».

44— Аз-Зухрис аьлла:

«Іумарна уггаре хьалха „Амируль-муъминийна“ (Муъмин нехан эла/куьйгалхо) аьлла салам делла стаг — МугІийрат ибн ШуІбат ву».

45— Іумаро аьлла: «Сол тІаьхьа оцу гІуллакхана (халифаллина) тIехІоьттанчунна хаийла: гергара наха а, генарчу

наха а иза (куьйгалхо) шен агIор вожор (шега ийзор) вуй. Бакъдолуш, ас нахаца сайн са лардеш (иза бакъонан тIехь латтош) къийсам латтабо. Нагахь фаллина) тIехIоьттанчунна хаийла: гергара наха а, генарчу наха а иза (куьйгалхо) шен агIор вожор (шега ийзор) вуй. Бакъдолуш, ас нахаца сайн са лардеш (иза бакъонан тIехь латтош) къийсам латтабо. Нагахь суна сайначул а оцу гIуллакхана (урхаллина) чIогIа стаг верг хиънехь — со хьалха а ваьккхина, сан корта схьабаккхар суна дукха дезар дара, оцу (1едалин) гIуллакхана тIехIуттучул а».

46— Ибн Iаббаса (Дела реза хуьлда цунна) дийцина: Iумар (Дела реза хуьлда цунна) халиф хIоьттинчу хенахь, цуьнга аьлла:

«Цхьаболчу нахана и (халифаллин) гIуллакх хьоьгахь хилийта ца лаьара (хьох йухабовла герга бара уьш)». фаллин) гIуллакх хьоьгахь хилийта ца лаьара (хьох йухабовла герга бара уьш)».

Цо (Iумара) хаьттира: «ХIунда дара иза?»

Цара жоп делира: «Хьо чIогIа (амал йолуш) а, луьра а ву олуш бара уьш».

ТIаккха Iумара аьлла: «Хастам бу АллахIана, сан дог цар-

на къинхетамах дуьзначу, ткъа церан дегнаш соьх кхерамах дуьзнчу!»

47— Аль-Ахьнаф бин Къайса (Дела реза хуьлда цунна) аьлла: «Суна Іумара (Дела реза хуьлда цунна) олуш хезира:

«Іумарна Делан ахчанах (бусулба нехан хьал-бахамах) хьанал дац ши духар бен: цхьа духар — Іаьнна, ткъа шолгІаниг — аьхканна. Иштта Хьаьж а, Іумрат а дан оьшург а, цул совнаха — сайн доьзална кхача (йуург), Къурайш тайпана йуккъерчу стаган санна. Цул тІаьхьа со — бусулбанех цхьа стаг ву (массо а нах санна)».

48— Іурвас (Дела реза хуьлда цунна) аьлла:

«Іумара (Дела реза хуьлда цунна) шен халифаллин йерриге а хенахь нахаца Хьаьж дира». фаллин йерриге а хенахь нахаца Хьаьж дира».

49— Ибн Іумара (Дела реза хуьлда цунна) аьлла:

«Делан элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) кхелхинчул тІаьхьа, цкъа а суна ца гина цхьа а стаг — Іумарел чІогІа хьуьнар долуш а, цулла комаьрша а».

50— Аз-Зухрис аьлла:

«АллахIа Iумаран (куьйгаллица) йерриге а Шам (Сири, Палестина, Иордани) схьайаьккхира, иштта Аль-Джазийра (Месопотами) а, Мисар (Египет) а, йерриге Иракъ а. Шен валарал цхьа шо хьалха цо „диванаш“анаш“[7] кхоьллира, тIаккха нахана йукъахь церан (тIеман) хIонс йийкъира».

51— Хузайма ибн Са’бита (Дела реза хуьлда цунна) дийцина:

«Iумаро (Дела реза хуьлда цунна) шен белхало (куьйгалхо/эмир) хIоттийначу хенахь, цунна тIедуьллуш йаздора: цо Бирзавнан говр[8] ца хахка, (цIена/мерза) кIа-кхача ца йаа, (паччахьийн санна) дуткъа (деза) духар ца дохар, иштта шен неIарш (миска) болчу нахана хьалха дIа ца къовлар. Нагахь цо (эмиро) иштта ца динехь — цунна таIзар дар хьанал хуьлура».

52— ТIа’рикъ ибн ШихIа‘ба (Дела реза хуьлда цунна) аьлла:

«Цхьана стага Iумарна цхьа хабар дуьйцуш, цо (оцу ста-

[7] Министерстваш.

[8] Бирзавн — иза кхечу мехкарийн йоккха говр ю. Иза хьалдолчун а, паччахьан дезачу дахаран а билгало хилла.1умара иза ца магаярн бахьана ду: куралла а, деза дахар а совцадезийтар. 1умарна лаара шен хьаькамаш эсала (скромни) хила а, халкъана юххехь хила а.

га) цхьа аьшпаш (пуьчаш) биттча, Іумара (цунна т1аьхьа кхуьий) олура: «ХІара (пуьчш) сацабе!»

ТІаккха юха а кхин дІа дуьйцура цо, Іумара юха а олура: «ХІара (пуьчш) а сацабе!»

ТІаккха оцу стага олура цуьнга: «Ас хьуна мел дийцинарг бакъ дара, ахьа сацаде аьлла (пуьчаш) доцург»».

53— Ибн МасІуда (Дела реза хуьлда цунна) аьлла:

«Дика нах хьехош хилча — марша вогІийла Іумар (иза хьалха ваккха хьахварехь)! Бакъдолуш, Іумар — тхуна йукъахь АллахІан Къуръан уггаре дика хууш верг а, Делан динах кІоргггера кхеташ верг а вара».

54— Ибн МасІуда (Дела реза хуьлда цунна) аьлла:

«Нагахь Іумаран Іилман дазалла (терзанан) цхьана кеда тІе диллахь, ткъа дуьненахь долчу массо а адамийн Іилма шолгІачу кеда тІе диллахь — Іумаран Іилма кхечеран Іилманал деза (сов) хир дара».

55— Хьузайфас аьлла:

«Нахана йукъахь долу Іилма Іумарца цхьана Іуьргахь къайладаьккхина (латтош) санна дара».

56— Ибн Iумара (Дела реза хуьлда цунна) аьлла:

«Iумара шийтта (12) шарахь Iамийра „Аль-Бакъарат“ сурат. Иза Iамийна ваьлча — цо эмкал йийра».

57— МуIавийас (Дела реза хуьлда цунна) аьлла:

«Абу Бакрна-м дуьне (даккха) ца лиира, дуьненан а иза ца лиира. Ткъа Iумар-м — дуьне цунна тIегIоьртар (цуьнга марзо йахийта гIоьртира), амма цунна иза ца лиира. Ткъа вай-м — оцу (дуьненан марзонашна) йукъахь букъа тIехь а, кийра тIехь а каьрчаш (хьарчина) ду-кх».

58— Хьафсас а (Дела реза хуьлда цунна), IабдуллахIа а, кхечара а Iумарца (Дела реза хуьлда цунна) къамел деш, элира аьлла:

«Нагахь ахьа там болу (дика) кхача биънехь, бакъонан (гIуллакхийн) тIехь хьо чIогIа хир вара».

Цо (Iумара) хаьттира: «Шу массо а оцу ойланехь дуй?»

Цара жоп делира: «ХIаъ».

ТIаккха цо элира: «Суна хаьа аша соьца латтош болу кхетам (дика лаар), амма ас сайн ши доттагI (Пайхамар а, Абу

Бакр а) цхьана нийсачу некъа тIехь витира. Нагахь ас оцу шиннан некъ битахь — со оцу шинна тIекхочур вац».

59— Дийцина ду: «Нах мацаллин шарахь хиллачу хенахь, оцу шарахь Iумара (Дела реза хуьлда цунна) цкъа а даьтта ца диира, йа мекха (дерстина) жижиг а ца диира».

60— Iутба ибн Фаркъада Iумарца (Дела реза хуьлда цунна) цуьнан кхачанах (йуучух) лаьцна къамел динчу хенахь, цо элира:

«Хьо хIун дуьйцуш ву?! Сайн дикаллаш (марзонаш) сайн дуьненан дахарехь дIайиъна, царах марзо эца лаьа-техьа суна?»

61— Iумар (Дела реза хуьлда цунна) шен кIант Iа’сим жижиг дууш волуш цуьнна тIевеара, тIаккха цо хаьттира: «ХIара хIун ду?»

Цо (Iа’сима) жоп делира: «Тхуна иза (жижиг) даа лиъна».

Iумара элира: «Хьуна цхьа хIума (йаа) лиъначу хIора заманчохь, ахьа иза йуур йуй? Стагана исраф хила тоьар ду-кх — цунна шен лиъна мел йолу хIума цо йаар!»

62— Іумара (Дела реза хуьлда цунна) элира: «Суна дага беара чІара баа».

Т1аккха Йарфаъ (Іумаран гІоьнча) шен говрана нуьйр а тиллина, йиъ дийнахь-буса (чІара лаха) воьдучу а, вогІучу а некъахь лелла, тІаккха цхьа туьнкал чІара а эцна веара. Цо шен говр дика йила а йилар, тІаккха Іумарна тІевеара.

Іумара элира: «Схьавола, оцу говране хьовсур ду-кх вай». всур ду-кх вай».
Цо цуьнга хьаьжча элира: «Цуьнан лерган кІелара хІара хьацар дила (дІадаккха) дицдина хьан. Іумаран марзонна дуьхьа хІара хьайбане бала хьегийтина ахь! Делах чІагІо йо ас: Іумара оцу хьан туьнкалах (чІарах) чам боккхар ма бац!»

63— Іумар (Дела реза хуьлда цунна), ша халиф волуш а, тІехула тІергІах йина (куртка санна йолу) джаббат (бедар) юхуш вара, цуьнан цхьаболу меттигаш цІоканан аьрзнашца (йоманашца) тегна а йолуш. анашца) тегна а йолуш.

Иза базаршкахь го туьйсуш лелара, шен белша тІехь диррат (гІаж) а йолуш — цуьнца цо нахана таІзар (низам) латтора. Иштта, некъа тІергІах тІехь йисина кийсигаш йа хурманийн лаххьарш гича — цо уьш схьа а гулйой, наханна пайда хилийта церан кхерчашка (цІеношка) дІасакхуьйсура.

64— Анаса (Дела реза хуьлда цунна) аьлла:

«Іумаран (Дела реза хуьлда цунна) белшашна йуккъехь цуьнан коч тІехь йиъ йома гира суна».

65— Абу Іусман ан-Нахдис (Дела реза хуьлда цунна) аьлла:

«Суна Іумарна (Дела реза хуьлда цунна) тІехь цІоканан аьрзнаш (йоманаш) тегна изар гира». анаш) тегна изар гира».

66— ІабдуллахІ ибн Іа’мир ибн РабийІас (Дела реза хуьлда цунна) аьлла:

«Ас Іумарца (Дела реза хуьлда цунна) хьаьж дира: цо цкъа а (некъахь) четар (палатка) ца хІоттийра, йа кхин йолу тховбедар а. Цо шен верта (бедар) а цІока (кожа) а диттах хьовзайора, тІаккха цуьнан ІиндагІахь (садаІа) охьахаара».

67— Іумар (Дела реза хуьлда цунна) Джабият олучу меттиге веара сирачу эмкална тІехь хиъна. Цуьнан кІунзал малхехь лепаш бара, коьртахь цхьа а куй йа чалма йоцуш. Когаш эмкалан нуьйран шина агІор дІабиллина бара, лаг (стремя) доцуш.

Цуьнан нуьйран тІера кІело — тІергІах йина анбиджани

олу верта дара; иза цо охьавоьссича шен мотт (юргIа) метта а леладора. Цуьнан тIорказ пальмин чкъоьрах дуьзна дара, охьадиссича иза гIайбан метта леладора. ТIехь мажделла а, кач (логан гуо) баьтIна а безачу бамбех йина коч йара.

Цо элира: «Оцу йуьртан куьйгалхо схьавеха суна».

Иза веача, Iумара элира: «Сан коч йила а йилий, тега, ткъа суна тIеюха йухалуг (сан коч йаллалц) кхин коч ло».

Цунна безачу ветах (лёнах) йина коч еара.

Iумара хаьттира: «ХIара хIун ду?»

Цара элира: «Иза вета (лён) ду».

Цо хаьттира: «ХIун йу и вета?» (цуьнан дезалла ца хаара цунна).

Цара цуьнга иза дийцира. ТIаккха цо шен коч схьайаьккхира, т1къа цара иза йитнера, аьрзнаш (йоманаш) тегнера. Иза юха тIеюьйхира цо. анаш) тегнера. Иза юха тIеюьйхира цо.

Оцу йуьртан куьйгалхочо элира: «Хьо Iаьрбийн паччахь ву, хIара мехкаш эмкалш лела мегаш дац (говр оьшу)».

Цунна тIе бирзавн (говр) еара, цуьнан букъа тIе нуьйр йоцуш деза дари диллира. Iумар цуьнна тIехь цхьа кIеззиг вахча, цо элира: «Сацае! Суна ца моьттура нах шайтIанах (ишт-та хьала-охьа кхийсалучу хIуманах) хехкалуш бу. Схьайалае сан эмкал!»

68— Iумар ибн аль-ХаттIабан йуьхь тIехь бIаьрхиш ихина ши Iаьржа сиз (лар) дара, иза дукха велхарна (АллахIах кхерарна) хилла.

69— Хьасан-басрис (Дела реза хуьлда цунна) аьлла:

«Iумар (Дела реза хуьлда цунна) шен буьйсанан (Iибадатан) декъехь цхьана аятах чекхволуш, иза (АллахIах кхерарна) охьавожара, цундела масех дийнахь нах цуьнан хьал хатта тIеоьхура».

70— Анаса (Дела реза хуьлда цунна) аьлла:

«Со Iумарца аравелира, иза цхьана беша чувелира. Тхуна йуккъехь керт йолуш, суна иза (ша шеца) къамел деш хезира: „Iумар ибн аль-ХаттIаб — муъма нехан куьйгалхо (амируль-муъминин)! ДIавала! ХаттIабан кIант, Делах кхералахь хьо, йа Цо (АллахIа) таIзар дийр ду хьуна!“»

71— IабдуллахI ибн Iа’мир ибн РабийIас (Дела реза хуьл-

да цунна) аьлла:

«Суна Іумар (Дела реза хуьлда цунна) гира — лаьттара цхьа чан (соломинка) схьа а эцна, цо олуш: „Йа АллахI, хIара чан хилла велара со! ХIумма а йоцуш хилла велара со! Сайн нанас со вина ма хилла велар!“»

72— Іумар ибн Хьафса (Дела реза хуьлда цунна) аьлла:

«Іумар ибн аль-ХаттIаба (Дела реза хуьлда цунна) хи дуьззина йоккха кIудал шен белша тIе хьалаайира. Цунна (цецбевллачу наха) цуьнах лаьцна хаьттича, цо элира: „Сан са шех доккхадеш (куралла еш) хийтира суна, тIаккха суна иза сийсаздан лиира“».

73— Ибн Іумара (Дела реза хуьлда цунна) дийцина:

«Со Джалула‘ъ тIамтIехь волуш (караеъна) хиллачу хIумнех, шовзткъа эзар (40 000) дирхIамах цхьа дакъа ийцира аса. Со Іумарна (Дела реза хуьлда цунна) тIевеача, цо элира:

— Нагахь со цIерна (жоьжахатина) хьалха хIоттийна, т1аккха хьоьга аьлча: цуьнах (жоьжахатах) хьалхаваккха иза хIара (бахам) сагIан баларц, ахьа со кIелхьара воккхура вари?

Ас элира:

— Делах чIагIо йо ас, хьуна лазар деш мел йолу хIумнах хьо кIелхьара ваккха ас и лур ма дара.

ТIаккха Iумара элира:

— Суна ма-гарра, нах оцу хIумнах мах беш хилла хир бу: «ХIара IабдуллахI ибн Iумар ву — Пайхамаран (Аллах1ер салават а, салам а хуьлда цунна) асхьаб, муъма нехан куьйгалхочун кIант, цунна уггаре дукха веза стаг а ву», — олуш. Цундела хьуна иза йораха (арзан) йохка лаар царна, иза хьуна йохкарех гIоле хийтина хир ду царна. Ткъа со — (хазна) дIасайоькъуш верг а, цуьнах жоп дала дезаш верг а ву. Ас хьуна лур ду Къурайш-тайпана йохк-иэшархочо йоккхучух уггаре йоккха йогIу пайда — хIора дирхIамах кхин цхьа дирхIам пайда.

ТIаккха цо (Iумара) йохк-иэшархой схьа а кхайкхина, иза (бахам) царна диъ бIе эзар (400 000) дирхIамах дIахIоттийра. Суна (пайдаца цхьаьна) дезткъа эзар (80 000) дирхIам делира, ткъа дисинарг СаIад ибн Аби Вакъасе (Иракъе) дIахьажийра, нахана йукъахь дIасадекъа аьлла».

74— Хьасан-басрис (Дела реза хуьлда цунна) дийцина:

Iумарна (Дела реза хуьлда цунна) цхьа йоI гира, мацалла гIелъелла (йакъаелла) когаш тIехь халла латталуш. Цо хаьттира: «ХIара мила йу?»

IабдуллахIа (цуьнан кIанта) жоп делира: «ХIара хьан йоIарех цхьа йо1 йу-кх».

Iумара хаьттира: «Муьлхачу сан йоIарех йоI йу хIара?»

IабдуллахIа элира: «Сан йоI йу».

Iумара хаьттира: «ХIун хилла цунна иштта (гIийла) хила?»

IабдуллахIа элира: «Хьан Iамал[9] (бахьана) ду иза — ахьа цунна (хазничуьра[10]) хIумма а ца ло».

ТIаккха Iумара элира: «Делах чIагIо йо ас, ас-м (бусулба нехан хазничуьра) хьан доьзална кхача лур ма бац! (Шайн рицкъа лохуш) къахьега царна, хIай стаг!»

75— Iумаран (Дела реза хуьлда цунна) тIе цуьнан стунцхойх стаг веара. Цо Iумарца къамел деш, бусулба нехан йукъарчу хазничуьра[11] шена хIума (ахча) далар дийхира.

ТIаккха Iумара иза дIатеттира (карзахвелира, реза ца хилира) ала олуш: «Со АллахIана хьалха паччахь-йамартхо хилла хIотта лаьа-техьа хьуна?»

Амма цуьнах (оцу хиламах) цхьа зама йаьлча, Iумара шен долахь болчу бахамах итт эзар (10 000) дирхIам делира цунна.

[9] Хьо куьйгалхо волуш ахь нийсо чIогIа латторн, хьай доьзална хазничуьра арзан хIума ца йитарн.

[10] Казна.

[11] Байтуль-Мал (Казна).

# Конец ознакомительного фрагмента.

Текст предоставлен ООО «Литрес».

Прочитайте эту книгу целиком, купив полную легальную версию на Литрес.

Безопасно оплатить книгу можно банковской картой Visa, MasterCard, Maestro, со счета мобильного телефона, с платежного терминала, в салоне МТС или Связной, через PayPal, WebMoney, Яндекс.Деньги, QIWI Кошелек, бонусными картами или другим удобным Вам способом.